

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, katitén yén aya sababaraha pasualan ngeunaan kamampuh ngadongéng siswa dina modél pangajaran *Think Pair and Share*. Ieu di handap aya sababaraha hasil kacindekan di antarana.

- 1) Kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022 dina kamampuh awal atawa *Pre-Test* kagolong can tuntas kalawan hasil rata-rata 73,3. Hasil dina kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* dumasar kana aspék lentong hasil rata-ratana 20,4, hartina lentong siswa geus alus sanajan masih aya sababaraha anu dianggap kurang merenah. Aspék diksi hasil rata-ratana 18,6, hartina siswa kurang bisa milih kecap anu merenah nalika nyarita. Aspék volume sora hasil rata-ratana 11,2, hartina siswa bisa ngatur volume sorana nyaluyukeun jeung kaayaan tempat sabudeureunna. Aspék géstur hasil rata-ratana 11,4, hartina siswa masih jarang ngagunakeun géstur anu merenah nalika ngadongéng. Aspék kalancaran hasil rata-ratana 11,6, hartina siswa kawilang geus bisa ngarasakeun kana eusi dongéng sabab geus apal kana eusi anu dicaritakeunna.
- 2) Kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung taun ajaran 2021/2022 dina kamampuh ahir atawa *Post-Test* kagolong tuntas kalawan hasil rata-rata 79,6. Hasil dina kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *Think Pair and Share* dumasar aspék lentong hasil rata-ratana 21,4, anu hartina kamampuh siswa dina ngadongéng sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think Pair and Share* ngaronjat alus rada merenah dina ngagunakeun lentongna. Aspék diksi ngaronjat kalawan rata-rata 20,6, hartina siswa rada bisa milih tur ngagunakeun kecap anu merenah nalika ngadongéng. Aspék volume sora ngaonjat kalawan hasil rata-rata 11,4, anu hartina siswa geus alus dina ngokolakeun volume sorana nyaluyukeun jeung kaayaan di sabudeureunna. Aspék géstur ngaronjat kalawan hasil rata-rata 15,4, hartina siswa dianggap aya tarékah pikeun ngaronjatkeun kamampuhna sanajan

masih dianggap jarang ngagunakeun gésturna nalika ngadongéng. Aspék penghayatan hasil rata-ratana 11,03, anu hartina siswa kawilang bisa ngarasakeun kana eusi dongéng.

- 3) Dina hasil panalungtikan di luhur, uji sifat data dilaksanakeun ngaliwatan uji Sapiro-Wilk, anu meunangkeun hasil data *pre-test*  $0,141 > 0,05$  hartina  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak, data *pre-test* distribusina normal. Dina hasil data *post-test* meunangkeun hasil data  $0,077 > 0,05$  hartina  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak, data *post-test* distribusina normal. Hasil dina uji sifat data yén modél pangajaran *Think Pair and Share* miboga pangaruh anu signifikan. Rata-rata peunteun *pre-test* nyaéta 73,3, ari rata-rata peunteun *post-test* 79,6. Nilik kana hasil uji paramétrik T-Test yén hasil nilai *pre-test* jeung *post-test* nuduhkeun nilai *sig. (2-tailed)*  $0,000 < 0,05$  ku kituna  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun model pangajaran *Think Pair and Share*. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *Think Pair and Share* miboga pangaruh anu signifikan dina kamampuh ngadongéng siswa kelas X IPS 1 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2021/2022.

## 5.2 Implikasi

Nilik kana hasil, ieu panalungtikan miboga implikasi yén modél pangajaran *Think Pair and Share* bisa ditarima ku siswa. Dipiharep kagiatan pnbalungtikan bisa numuwuhkeun inovasi guru dina ngagunakeun model pangajaran di kelas, ogé leuwih merhatikeun siswa sangkan kamampuh nyaritana leuwih hade sabab nyarita mangrupa hiji kaparigelan basa anu produktif salasahijina bisa ngaliwatan ngadongéng minangka ngamumulé kabudayaan anu diturunkeun ku karuhun urang.

Rata-rata siswa di SMA Negeri 15 Bandung jarang ngagunakeun basa Sunda anu alus, teu saeutik ogé siswa anu ngagunakeun basa Indonésia dina sapopoéna, antukna loba pasualan anu karandapan pikeun siswa dina pangajaran ngadongéng. Sanggeus model pangajaran dilarapkeun kana pangajaran ngadongéng, daya nyarita siswa kaasah kalawan cara komunikasi anu dibiasakeun

ngagunakeun basa Sunda anu merenah. Ku ayana *pre-test* jeung *post-test* bisa ngukur aspek-aspek kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa jeung ogé bisa dijadikeun bahan evaluasi pangajaran basa Sunda.

### 5.3 Rékoméndasi

Dina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan kahareupna leuwih hade tur aya kamajuan dina proses pangajaran, di antarana.

- 1) Modél pangajaran *Think Pair and Share* dipiharep jadi alternatif pikeun guru dina nepikeun pangajaran ngadongéng, kudu leuwih ngabiasakeun deui komunikasi siswa ngagunakeun basa Sunda anu merenah.
- 2) Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan model ku ambahan anu leuwih lega nyaéta ngagunakeun media ékspérimén murni.